



# UKUMARAMARA NTIKWICA

SHAME DOES NOT KILL

LEVEL 6

Auteur: Yvonne NDAYISHIMIYE

Illustrateur : Gabin NAHAYO

Rundi  
KIRIMIRO, GITEGA, Burundi




FOOD FOR  
THE HUNGRY




<http://www.fh.org>

You are free to make commercial use of this work. You may adapt and add to this work. You must keep the copyright and credits for authors, illustrators, etc.




**Habaye umugabo akitwa  
Ndabahinyuye. Yari atunze  
intama nyinshi cane. Yari afise  
umubanyi yitwa Ndajijutse.**




**Umusi umwe, acuye intama ziwe,  
abona igisuma cihishije muri za  
ntama. Cari ciyambitse urusato  
rw'intama. Ndabahinyuye yigi-  
ra nk'uwtakibonye.**




**Bageze mu nzira, ng'uyo akubise  
inkoni ca gisuma ku mugongo.  
Na co kirabira kit : « Mpaaa ! »**




**Ng'uyo arakomeje urugendo.  
Ateye intambwe zibiri, asubira  
kugira kwa kundi. Na co congera  
kwabira kitii: « Eimpaaa! »**




**Ubona ko kera bahora baragira  
ku misozi, n'inzuzi barazijabu-  
ka. Ndabahinyuye akomeza  
urugendo.**




**Ajabutse uruzi, asubira  
kwihanukira akubita ca gisuma.  
Na co kiraboroga kiti : « None ga  
mugenzi ni jewe ndi intama  
jenyene ! »**



**Ndabahinyuye aratabaza.  
Abantu barashwabaduka.  
Bafashe ca gisuma, basanga ni  
Ndajijutse wa mubanyi wiwe.  
Baca baramushengeza.**



**Ca gisuma ari co Ndajijutse  
kiratetegwa. Gica gisaba  
ikigongwe kimaramara.**



Kuva ico gihe, Ndajijutse yarihanuye, akura amaboko mu mpuzu. Yijukiye uburimyi n'ubworozi bwa kijambere. Ibitungwa n'imirima biramwitaba. Ubu asigaye abera akarorero abandi.

**Urashobora kugwiza iki gitabu kugira ngo gishikire  
abana bagisome, canke kwitiza amashusho ari muri co,  
canke guhinyanyura iyi nkuru ukayikoresha.**

**Ariko wandikeko ibi bikurikira :**

**Umwanditsi : Yvone NDAYISHIMIYE**

**Uwatunganije amashusho : Gabin NAHAYO**

**© Food for the Hungry 2022**

**Food for the Hungry - 1224 E Washington St-Phoenix,  
AZ 85034-1102 - USA**

**[www.fh.org](http://www.fh.org)**



**FOOD FOR  
THE HUNGRY**